

## Reyouvri Vil New York: Sa Etablisman Sèvis Manje yo Dwe Konnen sou Manje Andedan

Restoran ak lòt etablisman ki bay sèvis manje ka reyouvri pou sèvis manje andedan nan vil New York kòmanse 12 fevriye 2020. Aprann [nouvo egzijans](#) konsepsyon yo pou redui risk COVID-19 lè moun ap manje andedan epi ale sou [nyc.gov/health/restart](#) pou w jwenn FAQ yo, zouti yo, siy yo ak lòt resous pou ede reyouvri pou bay sèvis andedan.

Tcheke [nyc.gov/health/coronavirus](#) pou mizajou yo. [Egzijans Eta a](#) ak Vil yo ka chanje a mezi n ap aprann plis sou COVID-19 ak pi bon fason pou redui transmisyon epi pwoteje moun New York yo.

### **Sonje kat (4) aksyon enpòtan yo pou anpeche transmisyon COVID-19:**

- **Rete lakay ou si ou malad:** Rete lakay ou si ou malad sof si ou ap soti pou al pran swen medikal ki esansyèl (ki gen ladan al fè tès COVID-19) oswa fè lòt komisyon ki esansyèl yo.
- **Distans fizik:** Rete nan yon distans omwen 6 pye de lòt moun yo.
- **Metete yon kachnen:** Pwoteje moun ki bò kote ou yo. Ou ka kontajye san ou pa gen sentòm yo epi ou ka pwopaje maladi a lè ou touse, estène oswa pale. Kachnen yo ede redwi pwopagasyon COVID-19 la.
- **Pratike ijyèn men pwòp:** Lave men ou souvan avèk savon ak dlo oswa itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl si pa gen savon ak dlo ki disponib; netwaye sifas moun manyen souvan yo regilyèman; evite manyen figi ou avèk men ou san lave; epi kouvri bouch ou ak bra ou lè ou ap touse oswa estène, pa itilize men ou.

### **Kisa mwen dwe fè legalman pou m reyouvri biznis mwen an?**

#### **Etap ki obligatwa anvan ou reyouvri**

- Devlope yon [Plan Sekirite](#) epi afiche li nan sit travay ou.
- Li [enstriksyon Eta New York \(NYS\) yo](#) pou manje andedan nan NYC epi afime konfòmite. Eta a egzije pou ou afime ke ou te revize ak konprann direktiv Eta a preskri pou endistri yo epi ke ou pral aplike yo. Ou ka ranpli fòmilè afimasyon an nan [forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation](#).

Depatman Sante NYC a gen dwa chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolye. 2.10.21